

KISA KONTWÒL KOULE A YE?

1. Kisa “kontwòl koule” vle di?

Kontwòl koule se kapasite pou dirije kote fatra nou yo ale apre yo fin ranmase sou twotwa a. Se kapasite pou asire materyèl resiklabl, fatra lakou, debri konstriksyon, oswa lòt materyèl yo livre nan enstalasyon espesifik, olye yo mennen yo nan depo fatra oswa nan enstalasyon transfòmasyon fatra an enèji, yo rele tou boule fatra ki pa resiklabl.

2. Poukisa kontwòl koule enpòtan?

An rezime, li amelyore efikasite. Li pèmèt nou pataje resous, ekipman, ak enstalasyon atravè limit minisipal yo, sa ki diminye repetisyon efò yo epi bese depans yo sou tan.

- **Pwoteje kapasite pou lavni:** Lè nou konnen kote fatra yo ale, Otorite a ka planifye nouvo estasyon transfè, sant resiklaj, ak enstalasyon konpostaj anvan sa ki deja egziste yo vin plen.
- **Amelyore resiklaj ak reutilizasyon:** Fatra yo ka dirije nan enstalasyon ki triyaj ak rekipere materyèl ki gen valè, sa ki kenbe yo deyò depo fatra yo epi ede nou rive nan objektif resiklaj Eta a ki se 75%.
- **Kenbe frè yo jis:** Lè Otorite a jere fatra yo kòm yon sèl sistèm, li ka negosye pi bon kontra ak depans eliminasyon ki pi estab pou rezidan ak biznis yo.

- **Bati konfyans:** Rezidan yo ka gen konfyans ke sa yo ranmase nan Konte Broward ap jere nan yon fason ki an sekirite ak responsab.

3. Kijan Otorite a pral etabli kontwòl koule pou ede rezoud kriz fatra nou an?

Plan Direktè a prezante senk chemen diferan, oswa senaryo, nou ta ka swiv. Otorite a rekòmande Senaryo A. Sou chemen sa a, Otorite a pral itilize enstalasyon fatra ak resiklaj ki deja egziste nan Konte a, pandan l ap planifye pou konstwi twa nouvo estasyon transfè ak uit sant depo pèmanan pou ranmase atik tankou elektwonik, fatra danjere nan kay, ak atik an gwo.

4. Ki nouvo pwogram ki pral lanse?

- Sèvis resiklaj sou twotwa atravè tout konte a
- Ranmase fatra lakou separe sou twotwa
- Evènman pou depoze fatra manje
- Sit depo pèmanan pou fatra danjere nan kay, elektwonik, ak resiklaj
- Pwogram ak politik pou rediksyon, reutilizasyon, ak detounman fatra